D+S
M

## Médiatris Sajès

Paroles et musique: 8-05-2006
La Très Sainte Vierge Marie, Mère et Médiatrice de la grâce;
122e anniversaire de la première communion de Ste Thérèse de l'Enfant Jésus

**R. Manman Sajès Jézu, Médiatris li,**
**Li minm sèl Médiatè k-ap défann nou,**
**Manman Sajès Jézu, Médiatris li,**
**Louvri kè-n pou-n fè yon sèl ak li.**

Lc 1,28.30 ; Jn 1,13 ; 2,5 ; 19,27
1 Tm 2,5 ; He 7,25 ; 1 Jn 2,1 ; 3,8 ; Job 16,20 ; Jn 12,31 ; Ap 12,9-10 ; Za 3,1-5

1. Nou salué-ou, *Manman Sajès* Bondié-a,
Ou-k poté-l nan zantray ou ki vièj la,
Li-k Bondié avèk moun tout bon vré-a,
Ou-k ba nou-l, li minm minm ki fè-n gras.

Lc 1,26-38

2. Nou salué-ou, *Médiatris Gras* Bondié-a,
Ou-k kanpé, asosié Jézu-Kri-a,
Lè-l rachté-n, lè-l sové-n, lè-l fè-n viv la,
Lè-l ba-n gloua k-ap diré pou tout tan-an.

Jn 1,13 ; 2,1-11 ; 19,25-27

3. Nou salué-ou, *Sékou Égliz* Bondié-a,
Ou-k déplouayé rinmin-ou kòm manman-n nan,
Intèsésion, padon, démann, gras la,
Rékonsiliasion avèk lapè.

Est 7,3

4. Nou salué-ou, *Rézèv Trézò* Bondié-a,
Ou-k plin richès li k-ap débòdé yo,
K-ap koulé sot nan mérit Jézu yo,
Pou-n fè yon sèl avèk li pi plis.

Ep 1,3-4 ; 2,4 ; 5,37 ; Ct 4,7.12
LG 60

5. Nou salué-ou, *Pòt Paradi* Bondié-a,
Ou-k rinmèt nou lavi Èv pèdi-a,
Ou-k résévoua Pitit sot nan sièl la ;
Sovè tè-a, sé ou-k anfanté-l.

Is 62,4 ; Ap 21,2 ; 22,17
Gn 3,20-24
Lc 1,30-33 ; 2,10-14

6. Nou salué-ou, *Avoka Kè* Bondié-a,
Ou-k plédé kòz nan tray ak danjé yo,
Manman Mizérikòd la k-tou pré-n nan ;
Ak konfians n-ap kaché kò-n koté-ou.

Est 8,1-6 ; Jn 2,3